ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЕГЕНДЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№147 (21.805) ● 2010 гъэм шыщхьэIум (августым) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●ФIыщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Канокъуэ А.Б. деж

Пщlэ эыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

Урысей Федерацэм Спортымкlэ, туризмэмкlэ, щlалэгъуалэ политикэмкlэ и министерствэм кьыбгъэдэкlыуи си щхьэкlи фIыщlэ пх уэсщI «Урысей студент гъатхэ-2010» XVIII урысей-псо фестивалыр тэмэму кьыдэгъэгъэпэщу зэрэвгъэкlуэкlам, щlалэгъуалэ программэхэмрэ жэрдэмхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрэщыщlыпlэм папщlэ.

Къэралым и щlалэгъуалэ политикэр пхыгъэкlыным хуэгъэзэуэ дяпэкlи дыдэдэлжьэну сыщогуфъ.

Пщlэ кьыпхуэсыщI **МУТКО Виталий.**

●Уасэхэр

Iуэхутхьэбзэхэр лъапIэ мэхъу

Мы гъэм и яп мазэ 7-м Урысейм уасэхэр процент 4,8-кlэ щыдгъуеящ, бадзэуэгъуэ мазэм - процент 0,4-кlэ. А бжыгъэхэр нэгъабэ инфляцэр зэрыщытам елытауэ нэхъ машlэщ.

ИУЖЬ МАЗЭМ псом хуэмыдэу нэхъ лъапIэ хъуащ Iуэхутхьэбзэхэр - процент 0,6-кlэ, ерыскъыпхьэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я уасэхэр зэрыхэхъуар процент 1,3-кlэщ.

Урысейм Статистикэмкlэ и къэрал комитетым кьыдэзыхигъэщыжьмкlэ, щlыналъыт 9-м инфляцэр процент 0,8-кlэ, нэхьыбжькlэ щыдэуящ. Абы и лъэныкъуэкlэ псом яп ящар Пензэ областырыщ: зы мазэм ерыскъымрэ хьэпшыпхэмрэ я уасэхэр зэрызэкlэлыкlуэм хуэдэу процент 1,5-кlэ, 1,3-кlэ нэхъ лъапIэ щыхъуащ.

Москварэ Санкт-Петербургрэ уасэхэм бадзэуэгъэуэм щыхэхъуакъым, арщхьэкlэ абыхэм инфляцэр ику иту Урысейм щыIэм нэхъ щынэхъ лъагэщ (процент 5,4-рэ, процент 5,5-рэ).

Къагъэсэбэп ерыскъыпхьэхэм ящыщу нэхъ лъапIэ хъуар тхъуийращ (гречкэ) - процент 12,6-кlэ, илъэсым зэрыщlидзэрэ процент 38,9-рэ. Фошыгъум и уасэр процент 6,6-кlэ дэкIуеящ. Арщхьэкlэ занщIэу нэхъ пуд хъуащ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадзэхэкlэмрэ. Зы мазэм бананэм я уасэр процент 19,1-кlэ ехуэхащ, къэбыстэм процент 13,4-рэ, бжьыным процентри 8,7-рэ, жьэумым процентри 2-кlэрыхъащ. Апельсинхэр (процент 13,3-кlэ), лимонхэр, кlэртофыр, жэгундэр, бжьыныхър (процентри 7,4 - 10,7-кlэ) нэхъ лъапIэ хъуащ. ЗытIэкIукlэ нэхъ пуду къэпщэхуфынуэ бдзэжьейм-мрэ бдзэжьейхэкlэхэмрэ, макаронхэр, къэкIыгъэ дагъэ, пхъэщхьэмыщхьэпсхэр, майонезыр. ДжэдыкIэхэм я уасэм зэуэ процентри 4 кlэрыхъащ.

Нэхъ машlэ дыдэу узыхуэй ерыскъыпхьэхэр псори зэхуэхьэсауэ хъащIэмэ, процент 0,4-кlэ нэхъ лъапIэ хъуащ. Мы зэманым абыхэм я уасэр Урысейм сом 2354,6-рэ щохъу.

Ар щыIэхъ лъагэ дыдэщ Чуоткэм (сом 6539,4-рэ), щыгъ нэхъ машlэ дыдэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым (сом 1960,0-рэ).

Апхуэдэ ерыскъыпхьэхэм я уасэр зы мазэм кьрибыдэу Москва процент 1,6-кlэ щехуэхащ (арщхьэкlэ илъэсым зэрыщIидзэрэ ар процент 11-кlэ дэуеят). Мы зэманым зи гугъу тщIы уасэр къэралым ику иту щызекIуэм нэхъ рэзы абы зымащIэкlэ щынэхъ лъагэщ - сом 2706,2-рэ.

Зэныбмыуэ хохьэу тутынхэм я уасэм (зы мазэм процент 1,1-кlэ, илъэсым зэрыщIидзэрэ процентри 10,6-кlэ), бензиныр (процент 0,9-кlэ, процентри 3,3-кlэ), пхъэмбгъу кьухъэ (процент 0,6-рэ, процент 1,4-рэ). ЗымащIэкlэ нэхъ лъапIэ хъуащ вакъэр, щыгъыныр, сэхуэсплъхэр, техникэр. Телевизорхэмрэ радио Iэмэпсымэхэмрэ я уасэхэр йохуэх - бадзэуэгъэм процент 0,3-кlэ, илъэсым зэрыщIидзэрэ процентри 2-кlэ. Хущхьуэхэр процент 0,3-кlэ нэхъ пуд хъуащ, арщхьэкlэ адельфаным и уасэр процентри 6,5-кlэ дэуеящ.

Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм процент 0,1 - 0,4-кlэ заIэтащ. Псом хуэмыдэу нэхъ лъапIэ хъуащ щlалэгъуэм и гугъу щыщыр, Шагин Сергей кьингъэльгъуащ абы и лъэныкъуэкlэ хэхаУу узытегуэзвыхьын зэрыщымыIэр, сыту жыпIэмэ, КЪБР-м и мэзу гектар мини 190-м щIигъум щыщу уэздыгъеИхэмрэ псейхэмрэ ящыгъуэ гектар мини 8 хуэдизщ. МафIэсым и лъэныкъуэкlэ нэхъ щынагъуэ здэщыщыр Лэскэн Ипщэм и закъуэщ - а зырщ мэзым километри 5-м нэмыскlэ пэгъунэгъуэр.

Шагин Сергей кьыз эхэхэр щыгъуаз ищащ республикэм и щынальэм мафIэсым и гуэзвэгъуэ кьыщыкъуэкlмэ, абы зэрыпщIэувэн хуэрэгъэ Iэмэпсымэхэмрэ зэрыщыIэм, кьыз эрымыкIуэ щытыкIэм пыщIауэ зэфIагъэкlыпхьэхэр зэрагъэбелджылам.

Нэхъ апэкlи зэрыжиIам хуэдэу, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыIэм и унафэщIым аргуэру зэIущIэм къыщIэтащ жылагъуэ нэхъ инхэм мафIэсхэм ебэныныжкlэ дипломхэр, нэхъ щыкIуэхэм мафIэсгъэункlыфIхэм я постхэр щыщыным и Iуэхур. Министерствэм апхуэдэ уэуэныгъэхэр езыхэм я ахъшэкlэ зыщI муниципальнэ щlыналъэхэм техникэкlэ, лэжьакIуэхэмкlэ ядэIэпыкъунущ, а депохэмрэ постхэмрэ я езым и ахъшэкlэ игъэлэжьэнущ.

Шагин Сергей жиIахэм теухуауэ къыщыщсалъэм, Правительствэм и Унафэщым рес-

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ абы и УнафэщI Меркулов Александр. Абы щыхэплащ икlи къыщащтащ Правительствэм и унафэу 14, ауэ а махуэм гулыIэ хэха зыхуащIар республикэм и жылагъуэхэмрэ мэзхэмрэ мафIэс къыщымыгъэхъуным пыщIа Iуэхуэрщ.

УРЫСЕЙМ и щlыналъэ 14 кьыззэрымыкIуэ щытыкIэм зэрихуар кьыхигъэщри, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыIэм и унафэщI **Шагин Сергей** иджыпсту ди деж мафIэсхэр кьыщымыгъэхъуным хуэгъэзэуэ щызэфIагъэкlэжьхэм тепсэлъыхьащ. Абы кьигъэлъэгъуащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий и унафэкlэ кьызэрымыкIуэ щытыкIэм я хабзэхэр къэралым и хэгъуэгу 70-м зэрыщагъэувар, мафIэсхэр Кавказ Ищхьэрэми къэбгъэгъэ зэрыхуежьар. А псори къэплъытэмэ, Шагин Сергей зэрыжиIамкlэ, арэзы утехьэу хьунукъым ди муниципальнэ щlыналъэхэр кьыгтыныкъуэкlынкlэ хьуну щынагъуэм зэрыхуэхьэзырым. Адміністрацэхэм я Iэтащхьэхэм абы зэхуигъэзащ КЪБР-м и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м кьыдигъэкIуэу щыта унафэ щхьэхуэм и языныкъуэ пунктхэр нэсу гъэзэщIэн зэрэхуейм теухуауэ.

Ди мэзхэм мафIэсхэр кьыщыхъунымкlэ щыIэ щынагъуэм и гугъу щыщым, Шагин Сергей кьингъэльгъуащ абы и лъэныкъуэкlэ хэхаУу узытегуэзвыхьын зэрыщымыIэр, сыту жыпIэмэ, КЪБР-м и мэзу гектар мини 190-м щIигъум щыщу уэздыгъеИхэмрэ псейхэмрэ ящыгъуэ гектар мини 8 хуэдизщ. МафIэсым и лъэныкъуэкlэ нэхъ щынагъуэ здэщыщыр Лэскэн Ипщэм и закъуэщ - а зырщ мэзым километри 5-м нэмыскlэ пэгъунэгъуэр.

Шагин Сергей кьызэхэхэр щыгъуаз ищащ республикэм и щынальэм мафIэсым и гуэзвэгъуэ кьыщыкъуэкlмэ, абы зэрыпщIэувэн зэрыщыIэм Iэмэпсымэхэмрэ зэрыщыIэм, кьызэрымыкIуэ щытыкIэм пыщIауэ зэфIагъэкlыпхьэхэр зэрагъэбелджылам.

Нэхъ апэкlи зэрыжиIам хуэдэу, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыIэм и унафэщIым аргуэру зэIущIэм къыщIэтащ жылагъуэ нэхъ инхэм мафIэсхэм ебэныныжкlэ дипломхэр, нэхъ щыкIуэхэм мафIэсгъэункlыфIхэм я постхэр щыщыным и Iуэхуэр. Министерствэм апхуэдэ уэуэныгъэхэр езыхэм я ахъшэкlэ зыщI муниципальнэ щlыналъэхэм техникэкlэ, лэжьакIуэхэмкlэ ядэIэпыкъунущ, а депохэмрэ постхэмрэ я езым и ахъшэкlэ игъэлэжьэнущ.

Шагин Сергей жиIахэм теухуауэ кьыщыщсалъэм, Правительствэм и Унафэщым рес-

СурэтхэрМАМИЙ Руслан трихащ.

рычэт Iуэхуэм щlэзыдзэхэм патентхэр, сертификатхэр кьеIыхьыным, щlэныгъэ-къэхутэныгъэ, гъэунэхуныгъэ-юнструктор Iуэхуэхэр егъэкIуэкlыным трагъэкIуэдзэн папщIэ сом мин 200-м нэс. Лэжьыгъэм хэзэгъахэм я Iуэхур зэтеуэгъэным хуэгъэзэуэ сом мин 600-м нэс хуаутIыпщынущ, абыхэм ягъэзащIэ проектым и уасэм щыщу процент 30 нэхъ р мынэхъ машlэр бюджетым щымыгугъуэу кьызэрагъэпэщмэ. Абы папщIэ 2010 гъэм федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуани 4 кьалэрыхьащ, республикэм и бюджетым и хьэжькlэ абы зы мелуан щlагъуэ. Проектым иннованэ лъабжьэ зэрилъэгъуар. Илъэсым и

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●ЫщыхьэІум и 8-р УхуакІуэм и махуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэм зехъуэж

(КЪуухьр. Пэщдоэр 1-нэ нап.).

Мы илъэсим къалэнышхъуэхэр кьыпэощытщ - инвестицэ проектхэм ятещІыхьауэ капитальнэ хэлъхьэныгъэу сом зы мелардэр мелуан 800-рэ кьингъэсэбэныщ. Коммуналнэ ІэнатІэм и псэуалъэу 38-рэ ятыныщ, псы кІуапІэу километр 53,3-рэ, газ гъэщыпІэу километр 33,7-рэ, газ гъэщыпІэу километри 7 ятащ, «Урысей Ипщ» федералнэ программэ хэхам хьихьэу Налшыкрэ Шэрэдж куеймрэ папщІэ мы гъэм и накьыгъэм киловаттИ 110-м тещІыхьа вольт лъагэ зрикІуэ кІапсэхэр километр 35,8-м щауэкъуэдиящ, мыхьэнэщуэ зиІэ псэуалъэхэм зэрелэжьыну щІыкІэр яубыхуащ.

КъБР-м Уху эныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм дыгъуаеэ щыІэхэтащ я лэжьакІуэ пашэхэр щагъэпІэпІа гуфІэгъуэ зэІущІэ. Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Меркулов Александр абыхэм яхуеблэгъащ икІи я махуэмкІэ гуапэу екъуэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и уХуакІуэ комплексым зегъэужьыным жьыдэр зэрыхэтым папщІэ фІыщІэ яхущІри, Правительствэм и Іэтащхьэм щІыуэ ящыгъуэу. Апхуэдэу «Къат мащІэ фІэкІа мыхьу псэуалъэхэм я проектхэр» жьыхиІэ республикэ зэпеуэм щытекІуа архитекторхэм сауГъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ.

ТЕКІУЖЬ Зарег.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Гуп зэкъуэт

Ди нэгу зэрыщІэкІщи, нужьрей илъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІынатІэм ухуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэ кІуэд щрагъэкІуэкІ. Нобэрей зэманым дежІу псэуалъэщІэхэм гур хагъахьуэ, нэмрэ псэмрэ ягъэгуфІэ: жылагъуэхэм теплъэщІэ, унагъуэхэм тыншыщІэ ягъуэт. ЗыуэзэщІыныгъэм теухуа а Іуэху щхьэпэм ялажьхэм ящыщщ Налшык и Александровкэ хьэбдзэм щыІэ «Восход- ООО-р. Илъэс 20-м щІигъуауэ абы и Іуэхутхьбзэхэр республикэм и щІыпІэ псоми ялъэІэс.

ІУЭХУЩІАПІЭМ къабзэу зэлъыІуха и пщІантІэщхуэм псэуалъапхъхэр екІуу кьыщцетъуэвэкІащ, бжьамий зэхуэмыдзэр гъущапІэм щІэгъэзэгъащ, техникэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэгъэкІуауэ щызэбгъурытщ.

- Мы пльагъу псори ди мылькущ, щІэущІэщхуэ зиІэ защІэщ, кудуи кьыдогъэсэбэп, - жеІэ фирмэм и унафэщІ Сокъур Олег. - Дунейм псори щызэпыщІащ, пщэдей кьытхуихьынур къэщІэгъуейщ, абы кьыхэкІыу лъэпощхьэпохэм хуэкъэзыру щытын хуеищ. Ар зыщыдмыгъэгъупщэу гъэтІылъыгъэхэр дощІ.

И пщэрылъхэр егуГъуу, фІагъ хэлъу и пІалъэм зэрызэгнигъэкІым фирмэр щІэрыІуэ ящІащ. Псы кІуапІэхэр уху эным, псэуалъэщІэхэм, еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм я пщІантІэхэмрэ Іэшэгъашэмрэ инженер сетхэмкІэ кьыхэзгъэпэщыным, зэІуэпэщ щыным абы и ІэщагъэлІхэр хуабжьу хуэІэзэщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и уХуакІуэ ІэнатІэм иужьрей зэманым лэжьыгъэщхэр зэфІегъэкІ. Ди гуп зэкъуэтыр абыхэм жьыдкэру хэтщ. Дзыхь кьыхэзрытхуащІым и зы щапхъэщ нэжь мыхьэнэщхэр зиІэ ухуэныгъэхэр кьалэн кьыхэзрытщащІыр. Кьапщтэмэ, "Ерчым и псы кІуапІэ гуп" жьыхиІэ проектыр зыгъэзэщІар дэращ. Илъэс кущ хьуауэ псыкІэ гугъу ехь кьуажитхум ар ялъэгъэлэсын хуейти, Акьбащ Ипщэм кьыщыщІэддзэри псори и чэзум зэщІэдгъэкъащ, - кьигъэльгъуащ Сокъурым. - Абы ди щІалэхэм хэкъуушхуэ ирохьэлІащ. Километр 40-м нэблагъэм дертыншэу бжьамийхэр щызэпагъэхьащ, Хьэмидей кьуажэм ар километр 12-м щызэрахьэжкІащ. Ди Іэдакъэщ Іэкъыр зыхуэдэр республикэ комиссэм кьипщытэу унагъуэхэм псыр ирата нэужь, а жылагъуэхэм я нэхъыжьхъэм кьыджаІа псалъэ Іэфіхэр ноби гуапэу ди гум кьинащ. Аэр ди дежкІэ уасэншэщ! Апхуэдэ лэжьыгъэ хэр нэхъ иужькІи Тэрч, Нарткъалэ, Бахъсэн къалэхэм, Къэщкъэтау поселкэм арэзы укъищІу щызэфІэдгъэкІащ, Аруан, Лэскэн районхэм я кьуажэхэм нобэ щыпыдощэ.

ХууакІуэ Іэщ Іагъэм дихьэхыу хуеджа, абы и щхьэхэм кІууу щыгъуаз Сокъур Олег гъащІэм зыщыхуэзэ гугъуехьхэр и щыпэ кьыхэзнэкІкьым. КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым и ПГС къудамэр кьыхэзрихьэрэ дэкІа илъэс 30-м кьуриубыдэу и нэгу щІэкІащ къэралыр зэракъутэжари, мастеру щыщІидза «Къэббалъкъ промстрой» трестым и «Спецстрой» управленэр зэрызэтещхьари, а псом кьрикІуари. «Гъэгу техьэ кьытенэгъкъым», - жаІэ. И гъуэгу щІалэхэм и жэрдэмкІэ кьыщыдалыгъым, «Восход- фирмэр кьыхэзригъэпэщри, абы зригъэужьащ, зригъэубгъуащ, республикэм и уХуакІуэ ІэнатІэм лъэ быдэкІэ хэуващ.

- Ди Іэщ ІагъэлІхэмрэ Іэпщ Іэлъапщ Іэхэмрэ кьапэкъун гъуэтыгъуейщ. Абыхэм ящыщщ гъущ Іэзэпызыгъавэхэу Вэрокьуэ Валерэ, Клепиков Андрей, экскаваторым тесхэу Черняк Иван, Куманин Александр, Рыжов Андрей, шоферхэу Сэкэрэк Къэзбэч, Къуэдз Мухьэмэд, бетэнныр зэхэзыщІэхэу, дзэыкІэхэу Сокъур Зубер, Зэкъуерей Замир, бжьамийр дэзыльхьхэзэу, зэпызыгъавэжэу Къумахуэ Алим, Апэнэс Мухьэмэд сымэ. Прорабу 7, инженер-техникэ тхыльхэр зэкІэтпызагъакІуэу 13 диІэщ. Дэтхэнэм я щІэр кьипІуэн, нэхъыщхьэращи, я Іэщ Іагъэм фІы дыдэу хащІыкІ, - кьыхихгъэщащ Олег. - ЛэжьыгъэкІэ кьыпхуикІуэтынукъым, ящІэр яфІэмащІэщ, сыту жьыпІэмэ, нобэ заказу диІэр тхуэзэфІэкІынум и зэхуэдитІщ.

Сокъур Олег фІэмащІэр бюджет ІэнатІэхэм, кьапщтэмэ, муниципалитетхэм хуащІэ Іуэхутхьбзэзхэрщ. Адрейуэ щІыхь щхьэхуэхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ зэпыщІэныгъэфІэхэр хуаІэщ, я лъэІуэр фІагъ лъагэ хэлъу и чэзум хуагъэзащІэ. Илъэс кьэс республикэм щекІуэкІ аукционхэм жьыдэру хэтщ, зы пэжькІэр зыуфэкъуэ щІыхьбэ Іуэхущ Іапіэм и Уставым тету и Іуэху еуэрэІ.

- Мы ІэмалыР кьэзгъэсэбэпу, зыуэзщІыныгъэм хуэлажьэ ди уХуакІуэхэм сехьэхьэну сыхуейт узынщагъэ быдэ яІэу я махуэ куэд яГъэпэпІэну, я мурадыфІхэр кьехъуІэну, - захуеГъаэз Сокъур Олег и гуп зэкъуэтым.

АР УАН Алий.

Хахыну къагъэлъэгъуахэр

● ЩІДАА

2010 гъэм ыщщэхьум и 20 - 21-хэм ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием илъэс кьэс иригъэкІуэкІ зэІущІэшхуэр Мейкьуапэ кьалэм щригъэкІуэкІынущ. Абы ирихьэлІэу ЩІДАА-м и президумым кьыхихащ академием хэтыну зыхуэфащэу кьилытэхэр.

Физикэ щІэныгъэхэмкІэ кьудамэм

ЩІДАА-м и член-корреспондент:

1. **Дадашев Райпок Хьэсихьан и кьуэр** - физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, Шэшэн Республикэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академикыр, Шэшэн Республикэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и вице-президентыр (Грознэ кьалэ).

ЭнергетикэмкІэ, машинэ щІынымкІэ, ІэнатІэхэр зехьэным и механикэмкІэ кьудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. **Хэжь Топэ Амир и кьуэр** - техникэ щІэныгъэхэм я докторыр, Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ КъБКъУ-м уху эныгъэ ІэнатІэмкІэ и кафедрэм и профессорыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Налшык кьалэ).

ЩІДАА-м и член-корреспондент:

1. **Шэджыхьэщ Іэ Юрий Ахьмэдхан и кьуэр** - техникэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкьумэщ академием механизацэмрэ предприятэхэр энергинкІэ кьиІэзгъэщынымкІэ и факультетым и деканыр (Налшык кьалэ).

Химиемрэ материалхэм ятеуху щІэныгъэхэмкІэ кьудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. **Борыкьуей Тимур Абдул и кьуэр** - химие щІэныгъэхэм я докторыр, Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ КъБКъУ-м химиемкІэ и факультетым и кафедрэм и профессорыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Налшык кьалэ).

2. **Бей Іэуес Ахьмэд и кьуэр** - химие щІэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкьумэщ академием химиемкІэ и кафедрэм и унафэщІыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Налшык кьалэ).

3. **Благъуэжь Хьэрэт Рэмэзан и кьуэр** - техникэ щІэныгъэхэм я докторыр, Мейкьуапэ кьэрал техникэ институтым и профессорыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Мейкьуапэ кьалэ).

Медико-биологие щІэныгъэхэмкІэ кьудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. **Вэрокьуэ Виталий Хьэкіашэ и кьуэр** - мэкьумэщ щІэныгъэ хэм я докторыр, Кубань кьэрал аграрнэ университетым унагъуэ Іэщ Іэр зехьэныкІэ генетикэмкІэ и кафедрэм и профессорыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Краснодар кьалэ).

2. **Даут Юрий Юнус и кьуэр** - медицинэ щІэныгъэхэм я докторыр, Медицинэмрэ социальнэ ІэнатІэмрэ я экономикэмкІэ, управленэмкІэ институтым и кьудамэм и кафедрэм и профессорыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Краснодар кьалэ).

Щым теухуа щІэныгъэмкІэ кьудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. **Іэщ Іын Юнус Нухь и кьуэр** - биологие щІэныгъэхэм я докторыр, Медицинэмрэ социальнэ ІэнатІэмрэ я экономикэмкІэ, управленэмкІэ институтым и кьудамэм и унафэщІыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Краснодар кьалэ).

2. **Хьуромэ Хьэрэт Долэт и кьуэр** - мэкьумэщ щІэныгъэхэм я докторыр, Адыгейм принжьмкІэ и щІэныгъэ-техникэ центрым и генералнэ директорыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Краснодар кьалэ).

3. **Щхьэпіащ Іэ Асльэн Кьалпъэн и кьуэр** - мэкьумэщ щІэныгъэхэм я кандидатыр, «Агрохимие ІуэхутхьбзэхэмкІэ «Адыгей» центр» федералнэ кьэрал Іуэхущ Іапіэм и унафэщІыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Краснодар кьалэ).

Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ кьудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. **Мысрокьуэ Замир Хьэсэн и кьуэр** - юридическэ щІэныгъэхэм я докторыр, Профессорыр, КъБР-м и Конституцэ Судым и судыщІэр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Налшык кьалэ).

2. **Тхьэбыслъ Людмилэ Асльэн и пхъур** - юридическэ щІэныгъэхэм я докторыр, Урысейм и МВД-м Краснодар дэт и университетым и кьудамэу Налшык щыІэм и юридическэ факультетым и деканыр (Налшык кьалэ).

3. **Вэрокьуэ Сыхьэтбий Сэлихь и кьуэр** - экономикэ щІэныгъэхэм я докторыр, Росельхознадзорым и АМО-м и унафэщІыр (Мейкьуапэ кьалэ).

ЩІДАА-м и член-корреспондент:

1. **Ахьмэт Сультан Мэжид и кьуэр** - педагогикэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Физкультурэмрэ спортымкІэ Кубань кьэрал университетым и ректорыр (Мейкьуапэ кьалэ).

Тхыдэ-филологие щІэныгъэхэмкІэ кьудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. **Быж Зарэ Хьэжмурат и пхъур** - филологие щІэныгъэхэм я докторыр, Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ КъБКъУ-м бзэм и тхыдэмрэ славяныбзэмрэ я кафедрэм и профессорыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Налшык кьалэ).

2. **Котляров Виктор Николай и кьуэр** - УФ-м и Іэхіэ Іуэхэм я союзым хэтыр, «Эльбрус» журналым и редактор нэхъыщхьэр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Налшык кьалэ).

3. **НапщІэкъуий Тамарэ Сэхьид и пхъур** - филологие щІэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Кубань кьэрал аграрнэ университетым хамэ кьэралхэм я ІэзэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІыр, ЩІДАА-м и член-корреспондентыр (Краснодар кьалэ).

● ЩІЭ

Джудович утыку къохьэ

Нобэ, щыщхьэІум и 7-м, кьыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис футболедль куэдыр зыщыгуфыкІын нэтын «Урысей І» телеканалым кьытыщІ. «Голевая передача» проектыр я Іэдакъэщ Іэкіщ Къумыкъу Мухьэмэдрэ Ерокъуэ Бишерр.

НЭТЫНЫМ и яп» кьыдэкІыгъуэу щыщхьэІум и 7-м екІуэкІынум щІидзэнущ сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 20-м (гъэбжьмсыхьэти 9-рэ дакъикъэ 20-м кьытрагъэзэжынущ). Ятэ кьыдэкІыгъуэм хэтынущ ихъапэм «Спартак-Налшыкым» и футболист цІэрыІуэу щыта, иджы республикэ Парламентым и депутат Сыжажэ Валерэр «Спартак-Налшык» ПФК-м и унафэщІ Балэ Владимиррэ. ХьэщІэхэм зэрепсэльэнум кьинэмыщІауэ, тхьэмахуэ кьэс ягъэлъэгъуэну нэтыныр кьыхэзыгъэпэщыныхэм я мурадщ кьэтыгъуэ кьэс зы футболист гъэнэгъуэ дагъэщІыхуну. Ятэ нэтыным кьрагъэблэгъэнущ «Спартак-Налшыкым» и капитан Джудович Миодрагъ.

Ди гуапэщ Іуэхугъуэщ Іэм ди телевиденэм схьылІэнырэщхуэ щІигъуэтыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Щакіуэхэм гу зылъатапхъэ

Хэхауэ яхьуэм щыпІэхэу федералнэ, республикэ мыхьэнэ зиІэхэм нэмыщІ, республикэм и адрей щыналъэм щыщхьэІум и 14-м щыщІэдзауэ губгъуэ псэушхьэхэу дамэ эытетхэр кьыщаукІыну щакіуэхэр хуит ящІ.

РЕСПУБЛИКЭМ Мэкьумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм кьыдигъэкІа унафэм кьыщыгъэлъэгъуащ щакіуэ кьэс зы махуэм кьинхэныну хуитыр зыхуэдизыр. Абы ипсэ иткІэ яГъэува мардэхэр мы кьыкІэлъыкІуэхэм хуэдэщ: ныбгъуэу - 10, тхьэрыкьуэу - 5, псы джэду - 5, шэдпсэущхьэу - 10, бабыщу - 3, кьазу - 1.

Тхьэмахуэ кьэс бэрэжьеймрэ махуэкумрэ щІэкІуэну хуиныбгу яГъэуващ. Щакіуэ кІуэн папщІэ хуит эрэщІ тхьылъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкьумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм губгъуэ псэушхьэхэмрэ ихьэмэнымкІэ, ахэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэр зэблэгъэкІынымкІэ и департаментым кьыІах хуунущ. Щакіуэгъуэ пІалъэр 2010 гъэм дыгъуаззэм и 31-м нэсу щытыну яГъэуващ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Дыгъуаеэ

Мазихым кърикІуахэр

УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм и ЗэзыгъэУІу совет тым и дыгъуаеэрей зэІущІэ зыубгъуэам япэ илъэс ныкъуэм зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и Іэтащхьэ **Бечелов Ильяс** зытепсэльыхьынуэр игъэбелджылэ нэжь, зэхьыхьэм Іуэхугъуиплі щІэзэпкърахащ.

Апхуэдэщ щІынальэ къудамэм япэ мазихым и бюджетыр зэригъэзэщІам теухуауэ бухгалтер нэхъыщхьэ **Нэгуэр Танзиля** ищІа отчетыр, страховой взносхэм я Іуэхуклі нэгъабэ бадзэуэгъуэм и 24-м кьыдагъэкІа Федералнэ закон №212-ФЗ-м щыубзыхуахэр кьызэрызэрагъэпэщыр, ІэнатІэ зиІэу пІалъэкІэ мылажьэхэм зэрадзэпэкъуэр, республикэм и Пенсэ фондым и ІэщІагъэлІхэр япэ илъэс ныкъуэм я пщэрылъхэм зэрехъулІар.

А Іуэхугъуэхэм теухуауэ жаІахэм арэзы техьэуэ ІэІэткІэ щІагъэбыда нэужь, етІуанэ мазихым къапэщытхэр яубыхуащ.

ЗэІущІэм хэтащ республикэм и Льэпкъ банкым и Іэтащхьэ **Тхьэмокъуэ Анатолэ** КъБР-м Уэзнэщагъэр хьумэнымкІэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрхэм я къуэдзэхэу **Гаевэ Аленэрэ Голочалов Николайрэ**, «Ныкъуэдыкъуэхэм я Урысейпсо зэгъуэныгъэ» организацэм и щІынальэ къудамэм и нэхъыжь **Щоджэн Хьэсэнбий**, профсоюз лэжьакІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теуха тхыгъэр ди газетым тетынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм мы гъэм и яп» мазихым и лэжьыгъэм кърикІуахэм щыхэплъэжащ, етІуанэ илъэс ныкъуэм гу нэхь зылыта-пхъэхэм щытепсэльыхьащ. Ар ригъэжьКІуэщ ІэнатІэм и унафэщІ Щауэжь Хьэсэнбий.

КЪРАГЪЭЛЪГЪАХЭМ яхэтащ КъБР-м и Пенсионерхэм я зэгъуэныгъэм и унафэщІ **Черкесов Георгий**, социальнэ страхованэмкІэ фондым и унафэщІ **Бечелов Ильяс**, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и кьудзэ **Амщокъуэ ФатІимэ**, зауэм, лэжьыгъэм, ЩІэкІэ Зэщ Іэуэзэда кьарухэмрэ хабзэхьэмэ ІэнатІэхэмрэ я республикэ жылагъуэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ **Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд.**

ЗэІущІэр Іуэхугъуэ гуапэкІэ кьыщІадзащ. Къудамэм и унафэщІым и кьудзэ **Дыкьынэ Заремэ** кІэщІу кьытеуваІащ «2009 гъэм и страхователь нэхьыфІ» зэпеуэм кьрикІуахэм. ЦІыхухэр лэжьыгъэкІэ кьызэзыгъэпэщ унафэщІхэм пенсионерхэм гулыгъэу хуащІым теухуа а зэхьэзэхуэм республикэм щытекІуа ІуэхущІапІэ 14-м я лЫкІуэхэм дипломхэр иратащ. Абыхэм ящыщщ «Алика и К», «Борэн-текстиль», «Севкаврентген», «РусГидро», «Кавказкабель», «Центр Мигун», Іуэхущ Іапіэхэр.

Мазихым я лэжьыгъэм кьрикІуахэм зэпкърыхауэ пенсэльыхьащ къудамэм и унафэщІым и кьудзэ **Кьазий Хьэсэнбий**. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, цІыхухэм я пенсэм хэгъэхъуэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыхьилъхьа Іуэхугъуэхэр УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм нэсу зэфІигъэкІащ. Кьапщтэмэ, мазихым республикэм ику ягу щат пенсэм сом 378,6-рэ щыхьхьуащ икІи сом 6250,8-рэ хуащ. Къудамэм и Іуэхутхьбзэхэр ятьоІэс республикэм и пенсионер мини 179,4-м.

Къэпщытэныгъэхэр щрагъэжІуэкІыж сэтей къызэращІамкІэ, пенсэхэр щагъэувым щыуагъэ 896-рэ яІэщІэкІащ, сом мин 301,1-рэ лейуэ ятащ, нэхъ мащІэ зыІэрыхьаахэри щыІэщ.

Пенсэхэр гъэувыным, абыхэм хэпльэжьныныкІэ къудамэм и унафэщІым и кьудзэ **Хьэмгъуокъу Ириной** зэрыжиІамкІэ, 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу пенсэ хуагъэуващ щыІу 5270-м.

ЦІыхухэм пенсэр хуагъэувыныр зэфІэхьи хуейщ абы теуха лъэІу тхыльыр кьыщатам щегъэжьауэ махуи 10-м кьурыбыдэу. Абы и лъэныкъуэкІэ кьыхэжаІащ Іэщ Іагъэ, Къэбардей-Балъкъэр Къэрэшей-Щэрджэс, Адыгэ Республикэ, Мэзэдэ, Ингушетиерэ, Къэзэхстанрэ я Правительствэ и Унафэщ Іхэм я Іэтащхьэ щІэзыІуэ Іуэхугъуэ ІэнатІэм

И зэчийм зригъэшэщIыну хунэмыса Къущхьэ СультIан 80

Ар нобж ди гъусэфыну щытат, фIыуэ ильагъу IэщIагъэм, литературэм, прилажьэу, жанр зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIэзыбыдэ и IэдакъэщIэкIэхэмкIэ дигъэуфIэу. Мы махуэхэм ар идзэс 80 иригъэуцуа - бгырыс щIыхуэхъуэм я бжьыфIэгъуэ ныбжьым нэсыну аркъудейт. Ауэ гъащIэ мащIэр къыхуэткIинщэу къыщIэкIат кIалэмыр къызыхуэсшта щIалэм. Ар къызэрытхэмытыжьрэ ильэс 50 мэхъу, кьиргъэщIар ильэс 30 имрикъу къудейщ. 1960 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм икуэм Iуащхьэмахуэ гъапэ щыIэу, ар гуузу зэмIуэдаиж. Следователхэм зэратхымкIэ, абы и ажалыр къызыхэкIам щыхьэт техъуэни ягъуэтыжа-кым...

ЛIЭЩIЫГЪУЭ блэкIам и 50 гъэхэм и етIуанэ Iыхьэныкъуэм къуэнхуэ тхакIуэ икIи драматург зэчийфIэ дыдэхэм ящыщ зыуэ, политикъ гъэжьакIуэ жыджэру щыта Къущхьэ СультIанщ зи гугъу сщIыр. Абы хуэфIэкIынут литературэми къэрал къулыкъущIапIэхэми я IьагатIэкъэ дэкIынкIи, ауэ къыпIэплъэр нэгъуэщIу къыщIэкIащ.

Къущхьэ СультIан 1930 гъэм щыщхьэIуэм и I-м Сэрмакъ къуажэ къыщалъхуат, Нашашк къаIэ дэт республикэм со сэджапIэ-интернатыр 1950 гъэм дыщэ медалIэ кIыхат.

Мыбдеж къыхэгъэщIапхъэщ а интернатыр кьэзыухауэ щыта куэд (СультIан кьыдеджакъэм ящыщ мымащIи яхэту) Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я унафэщI, минист ерствз, Iуэхуащ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я пашэ, жылагъуэ-политикэ лэжьакIуэ щIэныгъуэ, щIэныгъэхI гъэрыхь зэрыхъуар. Абы щеджа щIэблэм щыщхэм ноби къэрал, жылагъуэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирахьэкI, пIахэр егъэфIэкIуэным яхуэфIэкI халъхьэу мэлажьэ. А пIэхъэнэм къыдэунэху щIалэ жыджэрхэм къаxэкIа Къущхьэ СультIан 1954 гъэм фIы дыдэу кьинуахуэ щытащ Горький Максим и цIэр зэрихьэ Москва дэт Литературэ институтыр. Абы и диплом лажьыгъэр и нэIэ щIэтауэ щытащ урыс тхакIуэ икIи публицист цIэрыIуэ Паустовский Константин. «КъущхьэрыщIыхуа дыдэм дежи щегъэжьауэ Къущхьэм акъыл зыбгъэдэлъ студент жыджэру зыкъыгъэльэгъуащ, - щыжиIат Паустовскэм СультIан и диплом пэжыгъэр щыпхигъэжа зэIущIэм. - Ноби ар дзгъуэу кьэпсэльащ, зи гугъу ищIым фIыуэ зэрыхиущIыкIыр нэрылъагъу кьищIу. Си фIэщ нэхъу ди дежи щеджа мы щIалэр и пIахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, щIэныгъэфI зыгъуэта литератор IэкIуэпсакIуэу зэрыкIуэжьныр. Хъуэхъу щыкIэу СультIан лъэIукIэ зыхуэзгъэзэну сыкуэйт - Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа тхылъ дахэ икIи гъэщIэгъуэн кьыдигъэкIыу, абы щыпсэу щIыхуэхэм нэхъ щIэхыу нэIуасэ дахунщIыну. Сэ кьызэрыс щIыхьэмкIэ, а щIыналъэм и гъыдыкIэмрэ и Iыхьэужьхэмрэт. Къущхьэ СультIан дяпэкIи итхьыну тхыгъэхэр ахуэхэ ящIэщу къыщIэкIыну сохуэзыху икIи гъэзыгъэ щIэныгъэ - абы щIыгъуэ тетхыкъащ иджыри тотхыхь литературэмкIэ щIэныгъэлIхэмрэ критикхэмрэ. Сэ гулытэ нэхьыбэ зыхуэсщIыну сыхуейр абы и гъащIэ мащIэр зыхуэдарий, а фIыуэ тетыкIарий, и нэгу щIэкIахэрщ. ТхакIуэм и къекIуэкIыкIауэ куэд зыщымыгъуазэ напэкIуэцIхэм дипIъэмэ, гурыIуэгъуафIэ къэхьнуущ СультIан и хьэл-щэным, и Iуэху епIыкIкIэхэм я лъабжьэр, литературэ, жылагъуэ Iэжьыгъэм хуэунэтIа лъэбакъуэхэм я кьежьапIэр.

Къущхьэр къыщыхуэуа унагъэм я нэхъыкьэр революционерщ. Совет властым и щIыналъэ зэрыщIыгъуэр къыхиргъэщу. - Абы и тхыгъэхэм я лIыхъужь нэхъыщхьэр адыгэ щIалэгъуалэрщ. Псом хуэмыдэу гу зылъыуегъатэ Къущхьэм и «ШагъдинтI» рассказым. Лъэпкъ хабзэм и тепльэгъуэхэр лъабжьэ зыхуищIа тхыгъэр щIэщыгъуэщ...».

Прозаик ныбжьыщIэр хагъэхьэ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым, ар и щыхьэт щIалэм и литературэ зэчийм гулытэ кьызэрыхуащIым, сыту якIпIэмэ, а зэманым мащIэт абы и ныбжьым иту къэрал псом литературэмкIэ и творческэ зэгуфхэзыхьэ нэхъ ин дыдэм хагъэхьэр. Псалъэм тэмэ, 1991 гъэм къэралым зыкъыщызыIэта зэхъуэкIыныгъэхэм ирикIыжу ТхакIуэхэм я союзым хэтхэм я бжьыгъэр укIэльэгъэмыхьэу хэхъуэн щIыщIидзар.

«ШагъдинтIым» нужьыкIэ Къущхьэм кьыдигъэкIащ «Рассказхэр» сборникыр (1958), «Светильник жизни» (урысыбзэкIэ публицистикэ очерк, 1960), езыр щымыIэжу дунейм къытехьащ урысыбзэкIэ итхауэ щыта «Родня» повестыр (1961), повесткэр, рассказхэр, пьесэхэр щыIэ хуэхьэса «ЩIалэгъуэ пшыналъэ» сборникыр (1992).

Къущхьэ СультIан пьесит пIэщ - «Ущымыуэ, Чэрим! е Хьэбзаджэр тIысыпIэнщэщ», «По новому пути» зыфIащахэр, Йпэрейр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэувам, тхакIуэр иджыри псэут, етIуанэр нобэ кьыздэсым утыку кьихьакъым, щIалэгъуалэм теухуа пьесэ нэхъыфI тхыныкIэ республикэпсо зэхьэзэ хуэу ЩэнхабзэмкIэ министерствэм абы щыгъуэ зэ хишам щыпскIуауэ щыта пэтми. Мыбдежьы я кущIащIэ зэрыщIэщIыхьэ «По новому пути» пьесэм теухуауэ драматург щэрыIуэ Шортэн Аскэрбий итхауэ щытат: «Пьесэм иIэ политикъ, гъэсэныгъэ куущIэр, ар зыхуэунэтIа кьыдеджагъэ нэхъыщхьэр театрым къыщыгурымыIуэ мымащIэу къхъуу. Прозаик щIалэ Къущхьэ СультIан итхащ IэфIыкIэ щащI фабрикэм щыIалажь щIалэгъуалэ гупым зэрытеухуа драмэ. Адыгэ артистхэм я пащхьэ ар кьыщIрахьэм, псори щыгуфIыкIат, ямыгъэгувэу ягъэувыныуи унафэ кьащIат. АрщхьэкIи иIуэсрэ ныкъуэрэ зэращи, пьесэм театр утыку игъуэткъым. Дэ дащIыщкъым Къэбэрдей театрым пьесэ мыпхъуэсхэм гулытэ хунщIын хуейуэ къэзылтытэхэм, ауэ профессиональнэ дыдэу гъэпсауэ щыта щIэныгъэ зэзыгъэгъэта щIалэр хуэм-хуэмурэ хэпщIа хъуат республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэми. Илъэс 19 иримыкъупуаэ, абы дзыхьышхуэ кьыхуащIри партым хагъэхьауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым (ныжьыкIэ КъБКъУ хъуам) ВЛКСМ-м и комитетым и секретару. Напшыкъ кьалэ комитетым и етIуанэ секретару, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и етIуанэ секретару щытащ. Дунейм щехьажам ар Крупская Н.К. и цIэр зезыхьэ республикэ библиотекэм (иджы КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэращ) и унафэщIт. А зэманращ кьыщIызэIуахар библиотекэм и иджыкIей хэщIапIэр, абдежщ СультIан и нужьыкIей махуэхэр щитхэкIуар, фIыуэ илъагъу лэжьагъу гупшIхуэм яхэту, Iэужьыфlхэр абдежи кьыщIгьанэу.

Къущхьэ СультIан и гъащIэм хьэлэмэту, ауэ куэд щымыгъуазэу зы тепльэгъуэ хэтщ, ди гулытэ хуэфащэу, ар зыхуэда цIыхур нобэрей-хэм кьыдигъащIэу. ПIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм я кум партми Совет къэралым гъэм и правительствэми кьыхуеджэныгъэ кьихьалъхьауэ щытащ - мэкъумэш Iэнатlэм зыкьыргагъэIэтын папщIэ кьалэдэс коммунистхэмрэ комсомолым хэтхэмрэ якуажэхэм ягъэкIуэну. «Советская молодежь» газетым пропагандэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Къущхьэ СультIан зэщIищIа, а кьыхуеджэныгъэ, и гуащIи зэфIэкIи емыблэжу Iуэхур ядиIыгыну хьэзырт. «Сэ парт пэжыгъэм, мэкъумэш Iэнатlэм и пIалъэ сщIэркъым, си щIэныгъэри абыхэм зыкIи епIэкъым, ауэ ильэситкIи хъуауэ сызыхэт партым куэд кьызэрыгъэщIащи, пщэрыльэ кьыгъэщIыгъ згъэзэщIэну сыхьэзырщ, - дыкъыщоджэ СультIан унафэщIхэм зэрызахуигъазэ гъэлъ тхылъым, 1955 гъэм мэлажьыхьхьам и 8-м итхам. - СынывольэIу дзыхь кьыхсхуэфIщIну, Сталиным и цIэр зэрихьэу Нагорнэ районым щыIэ юлхозым сывгъэжIуэну. Сэ абы щIэхщIэхыурэ сокIуэ, щыпIэр фIыуэ сощIыху, щыпсэу куэд си нэIуасэщ».

Редакцэм и парторганизацэм кьыбгъэдэкI тхылъхэр партым и обкомымрэ Министрхэм я Советымрэ я дежи щыпэсым, «Къущхьэ СультIан мэкъумэш Iэнатlэ ирихьэкI хъуну» кьаIытэри щIалэм и жэрдэмыр дайыгъащ икIи зи гугъу ящIа колхозым и унафэщIым и къуэдзэу ирагъэбыдылIащ, уанэшрэ абы хуэфащэ Iэпсплъэпсри къратащ. Партым и лIыкIуэ щIалэщIэр зыпэщIэхуар Лыджыдз Джэбарт. Ар кьуажэм и мызакъуэу, районми республикэми Iулыдж ин щызиIэ, зи псалъэр тIу ямыщI щыхуэ ткIийт. Джэбар Хэку зауэшхуэм икIыхьагъкIэ хэтат. Европэми щызэуат, орденыбгъэуи кьигъэзэжат.

И щынэхъыжьым и фэ зриплъ унафэщIым и дежи СультIан куэдым зыщIигъэсащ, псом япэрауэ, лэжьакIуэбэм зэрыдзэгъуэгурыкIуэн, аэр зэрызэгуригъэIуэн цIыху хэтыкIэ, Iуэху цIыкIуфэкIуэхри нэхъ инхэри зэрызэфIихьан акъыл, нэгъуэщIхэми. Литературэр зи Iэщ Iащагъэр, аэр зи лыпэнкъынэм хэпть щIалэр набдзэгубдзапIъэ якIэльыплъыт кьуажэдэсхэм, аэр зыхуэныкъуэхэмрэ дзэныхьэхэмрэ, зыщыгуфIыкIхэмрэ зыгъэнэщIыхьан-хэмрэ, я хъуэпсапIэхэм зыщигъэгъуазэрт, псальэмакъ кьызыхэкI Iуэху кьиинхэм я пIалъэр IапIэр зэхигъэкIырт. ЖыпIэнуракъэ, психолог IэкIуэпсакIуэм хуэдэу гупыштэшхуэ хуищIырт кьуажэдэсхэм я щыIэкIэ-псэукIэм.

Щалъхуа Сэрмакъ кьуажэм щыщыIам, юлхозым щыхэтам щыгъуэ СультIан щIэхщIэкъуэр хуэзэрт комсомолым и райкомым и апэ секретарь Дэхьушокъуэ Мусэ, цIыхубэм кьыхэкIа уэрэдыз эзчийфIэжу Джатэ жьокъуэ Борисрэ Ахъмэт Щалъэгатрэ, литературовед Щэвлокъуэ Петр, тхакIуэ Елгъэр Кашиф (ахэр Литинститутым кьыщыдеджат), бэнэкIэ хуитымкIэ Къэзахстанымрэ Азие Курымрэ я чемпион Къамбулат Лёвэ, туризм Iэнатlэм щыIажьэ, дзэм и офицер Къыпп Азрэт, Нашашк къалэ дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым и унафэщIу а зэманым щыта Пишев Леонид сымэ и ныбжьэгъуэ.

СЭРМАКЪ КIУЭЖАУЭ е абы щыIэу СультIан и закъуэ унэм щэджэгъуащхэ щищIауэ сщIэжьырыкъым. Я гъуэнгъуэм, Iыхьыныхэм еджэнут. Абы щыIэ хуэрэ фIыуэ ильагъурт, щIэпсэури ахэрат. Псэуну пIащIэрт ар, къыхуихуар зэрымащIэр ищIэжьми ярейуэ, кьиитащI дэтхэнэ зы махуэри игъэльапIэрт. Насыпыр зыхильагъуэр махуэ къэс цIыхуэхэм яхэтыныр.

Сэрмакъ юлхозым куэдрэ щыгувакъым Къущхьэ СультIан - ар ираджэкIри комсомолым и обкомым и етIуанэ секретару ягъэуващ, а Iэнатlэр зыныгъэ Мэшыкъуэ Барэсбий и пIэкIэ (ар партым и Прималкинскэ райкомым етIуанэ секретару ягъэкIуат), 1958 гъэм Къущхьэм нэгъуэщI Iэнатlэ

P.S. *Илъэс зыбжанэ и пэкIэ дунейм ехыжащ Къущхьэ СультIан и кIуэгъужьуэгъуэ щытахэм ящыщу цIыху цIэрыIуэ гуэр. Иужьрей щщIыхьэщхьэхэм ящыщ зым абы, зигъэзэхуэжь щIыкIэу, тхъэ щIпIуэжащ тхакIуэ щIалэм и Iэныгъэм и Iуэху хэмыльауэ жиIэу. Гуэныхьыр къэ хьыгъуафIэщ, ауэ ильэс пщы бжьыгъэкIэ гувами абы псэхуп1э къэзыкIуэ гуэркIэ тобэ кьихьыж хуэдэу кьысфIэщIат. Зорьгурыпуэгъэши, умышIамкIэ тобэ кьыщIэпхьыжьыт щыIэкъым. Зи гугъу сщIым ар щыжиIам 1960 гъэм и гъэмахуэку щыщIэхьэм Къущхьэ СультIан и кIуэдыкIар зи нэгу щIэкIахэм щыщу езым фIэжа зыри псэужтэкъым. Махуэ бжьыгъэ нэхъ дэмыкIыу абыи и дунейр ихьэжащ, щIэгуэзвар кьыхуэгъуаэу Тхьэм кьыщIигъэкI.*

Къущхьэ СультIан. *1950 гъэ*

Къущхьэ СультIан и щыпхьэхэр и гъусэу. СэмэгумкIэ щысыр Ритэщ, щытыр Роззщ, тIурэ Къаламыкъэ япхъущ, СультIан и адэ щыпхъэм ипхъэущ. ИжьыкIэ къыбгъэдэсыр Роззщ, къыщхьэщытыр Цацэщ, СультIан и анэкъитхъуэрщ. *1960 гъэ.*



● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Шэрджэсым и асльэн, Кавказ зауэм и лIыхъужь Хьэжы Къазбэч. *Сурэтыр* **Белл Джеймс** *ищIащ. 1840 гъэ.*

Анэм и лъэIу

Дэтхэнэ зы анэми х уэдзу, нобэрей кьэ хьукъащIэхэм сэри сагъэгу завэ, сагъэгупсысэ. СегьэгуI ди бынхэм я кьуэпсыр я Iэкlэ зэрагъэгъур сольагъури, мы гуэввэгъуэшхуэм и хэкIыпIэр псэкIэ кьэслыхьхьуэрэ, си гупсысэм сызыхуиша усэ сатырхэр зыхуэзгъэзэхэм кьагурыIуэнуэ согугъэр.

Анэ псоми кьабгъэдэкI лъэIукIэ нобэ зыфхэ узогъаэз.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ,
КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт.

Фыкъэувыlэ, кхъыlэ!

Фыкъэувыlэ, кхъыlэ, сынывольэIу!
Дуней гуIэгъуэр махуэ кьэс фогьэIур.
Псэ хейр, фIмыIэу зы гу уз, хывох,
ЦIыху хейм и куэбжэр гуауэкIэ Iувох.

Мы Алыхьышхуэм, кхъыlэ,
фыщIышынэ,
Фымусыымэнмэ, сывольэIу:
фыщIымыIу,
Фоччипэм икIым, щэм кьимыгъэззэж,
Зытехуэр хейми, хьэдэу мэгъуэлъэж.

Сэ си адыгэ, си гур нобэ хощ,
Ди бын кьэтIлхуэхэм зауэ зэращIэкI,
Щэ гъуанэ дэуэм нэхъ мащIэ дещI,
Iудох ди куэбжэр, махуэ кьэс дыуэщIщ.

Фыкъэувыlэ, кхъыlэ, сывольэIу,
Сыанэщ, бынхэ, фэ зэхэфх си лъэIу!
Къэхуа адыгэм кьыщIигъ и Iэщэр,
ЦIыхубз, щхьэлъащIэ тригъапсэу и щэр?

Іиблис и бэджыхъым фыкъикIыж

Кьыжкефlэт, сыт фезыху лIар
бгъэжэну лъы?
Фигу кьэкIхэм фи Іыхьлыхэм
фахукъ уэплъу,
Гъэпщкlуауэ фыпсэуныр хэт зи
лажьэр?
Зыхэвмыщlэжу хэт и лъэIуи псэкlэ,
Сыт фыщIэхъуар ди бынхэр гукIэ
жьажь?
Сабий гъэфIэну анэм фэ фипIакъэ?
Анэ бидзышэр ноби мыгъуща...
Лъэпкъ кьыфщыгугъыу лIыгъэкIэ
щытакъэ?
Ди щIалэхэ, щхьэ нобэ фыгъуэща?
Гъэща кьудейм зыгуэркIэ
кьигъэззэнщ,
Фэ нобэ «лIыукI» цIэр зыфIэфщIжащ,
Сабий, цIыхубз гущIэгъуэ
хуэвмыщIыжу,
Адыгэ хабзэр фэ вгъэщIэщIажащ.
ВгъэтIылъ фи Іэщэр! Фи псэр
щIыщIыжу,
Іиблис и бэджыхъым, кхъыlэ,
фыкъикIыж.
Адыгэ лъэпкъыр фызэрымыукIыжу,
Вгъэбагъуэ куэду, бын-унагъуэ
фщIыж.

Сахуэщ къанэр

Хэт зи лажьэр нобэ ди псэукIэр?
КIэ щIимыIэр сыт мы зэрыукIым?
Іэщэр кьрикьэжIыу хэти хунту...
Сыт цIыхуэ уиIэр мы дунейм щытетыр?

Дагьэгуфlэуурэ кьэхъуа ди цIыкIухэм,
Нобэ гъуэгурыкIуэр сыт щIагьэр?
Махуэ кьэскIэ нэхьри кьанлы хьухэу,
Я лъэпкъэгъуэр сыт щIагъэунэхър?

Кьыздрахыр дэнэ Іэщэ кьомыр?
Ар кьращэхуну куэду сомыр?
Дэ ди бынхэр ящIми псыIудэз,
УнафэщIхэм сыт кьыщIрамыдзэр?

Цlыхуэхэр Іэфlу жеижьфкъым,
Быныр дэжьым мэгужьейхэр,
Ар кьуэкIми е зыкIми,
Лъэпкъым дэ ди бынкъ
тхэкIуэдыкIыр?

Цlыхуэхэм я зэхуаку Іэфlагъ
дэлъыжкъым,
Зэхуэгуэпэхэу зэпльыжьыфкъым,
Лажьэ зиIэм ныдэдехь лажьэнщэр,
Хэт домбейщ и унэр, хэт унэнщэ.

ГъащIэу кьыдигар Алыхьым мащIэщ,
Фы зыщIэну хуейр дунейм щопIащIэ,
Мы дунейр чэзуэу зэрыщытыр
Зыщыгъупщэм Іейри егъэбатэ.

ЩIалэгъуалэр ирахуащ и диным,
Хэтми кьахуэщIэжкъым зэдэIуэнур.
ЩIэблэр зимыIэжьым сыт и махуэ?
Егъэсхьи и лъабжьэр, кьанэр сахуэщ...

Накъыгъэм и 22-м лажьэншэу яукIа цIыхубзхэм я гъыбзэ

Мы щы фIыцIэжьым кьыщIэIукI
гъыбзэм,
Фыкъэувыlи, цlыхуэ, федаIуэ,
Дагъуэ я ямыIу, хей и псэ кьабзэу
Цlыху яукIаxэм я макьщ а кьэIур:

- Сытыр ди лажьэу дыфщIа шэ уапIэ?
Зы напIэзыпIэм гъащIэр тIыфхащ,
Ди сабий бынхэр зеиншэ фщIыуэ,
ДыуэщIыр дэркI эзэхвгъэхьащ.

Іимани дини фиIэу жывоIэ,
Мы Алыхьышхуэм макькI фо лъэIу,
Дэнэ здэщIыр фэ фи гущIэгъуэр?
ЩIхь вгъэунэхъуэр фэ хей унагъуэр?

Фэ цlыхубз гуэркэм гъащIэ кьыватри,
Анэ бидзышэ Іэфlкlэ фапIащ,
Фы кlэ кьыфщыгугъуэр псэкlэ фаIэту,
Кьыфхуэзакъыпэу фыкъагъэхъуащ.

Иджы кьэфщтауэ Іэщэр фозаэ,
Леишхуэ зефхьэу дунейм фытетщ,
Гъэпщlагъэ гъуэгум фыштащэу,
Фи щэр зытехуэхэр лъэрыщыкIщ.

Цlыхубз щыкIуищым сытыр ди
лажьэт?
Фи Іэщэр дауэ кьытхуэфIэта?
Лъыпсыр кьытпыкну, хьэдэ лъэмыжу,
Фэ мы губгъэжьыжьым щхьэ дыкьивна?

ЩIалэщIэ щынэу дэ ди гъусари,
Фэ гъуэндэуэу нобэ фуклащ,
И сабищым адэм и Іэфlыр
Евмыгъэльагъуэу ящхьэщыфчащ.

Ей, щIалэгъуалэ, Іейуэ фыщоуэ,
Лъыпсым фэ фи псэр ныхошыпсых,
Фхуэмыльэтыжу, гъэлъ лъэпкъ имыIэу,
ГущIэгъунщагъэм гуэныхь кьыфкуэхь.

Мы Азальхьым тIэкIу фыщIышынэ,
Цlыхупсэ хейхэр фэ фкlымыгъэн,
Фи Іэужь Іейхэр, мылэжьжь джанэу,
Фэ кьахуэвмыхьыт фи лъэпкъым хьуэн.

Маржэ хьужьыкнэ, Іэщэр вгъэтIылъи,
Дапэкlэ лъы ткIуэпси ивмыкIутыж,
Фэрп псэ фIутым и зы Іэпапlэ
Кьабзэу кьэнамэ, зэ зыкьэфщIэж.

Адыгэ лъэпкъ Іуэху кьезыхуэкIыу жызыIэхэм захуэзгъаэзу

Ди блэкIар вгъэныщкIуурэ фешакъэ?
Ди кьэкIуэнум хьунти фегупсыс.
Фыщысхьу, вгъеижу тфIэкIуэдх эр,
Зэрисыкlыр флъагъуэкъ
кьытхуэнахэр?

Ди блэкIам кьытхуигъэна жылакIэм
КIэ ярату бийхэр холэжьыхь,
Зэрашту дэ ди щIэблэ машIэр,
Хьэрщым я псэ тIэкIуэр хошыпсых.

Дыщысыхукlэ тфIэкIуэдам
хуэщIагъуэу,
Ди кьэкIуэнум кхъэдэкI худощIыж.
Іуэрыгъ запхуэу джэуэ
къащIымыхьуу,
Лъэпкъ и къуэпсыр бийхэм ягъэтхуж.

Маржэ, хьунум нобэ зыкьэфIэти,
Фэ фи псальэр жыр лэныстэу
вгъабэз,
Ди сабийхэр нобэ зэзыштхэм,
Фе1уэкIыурэ, вгъэлажьэ фи бзэр.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Псалъэжьхэр

Дыгъужым ущышынэмэ...

❖Гъэзэгъуэ ухэмыжауэ, ныбжьэгъур къэпцІыхукІым.
❖Дыгъужым ущышынэмэ, мэз умыкІуэ.
❖Унагъуэм щІэс псори зэгъусэмэ, псэм и тыншыгъуэщ.
❖ГуитІщхьитІу ущытмэ, щыпэ къыбощтэ.
❖Сабийхэр напкІэ гъэшынэ, къамышыкІэ мыхъуу.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

ШыІэныгъэщ акъылым и пэщІэдзэр

Тхылъым нэхъ тещІыхь, псалъэм нэхъ.

НАВОИ Алишер, *узбек тхакІуэ.*

Тхылъ ну эд уедж энырыкъым сэбэпыр, тхылъыфІ кІыхьэпхыныщ.

СЕНЕКЭ Луций, *урым тхакІуэ.*

Акъыл здэщыІэм кІаруи щыІэщ.

ГЮГО Виктор, *франджы тхакІуэ.*

Цыхухэм щахэтым дежщ цІыхум зыщицІыхужыр.

ГЁТЕ Иоганн, *нэмыцІэ усакІуэ.*

Тхылъыр цІыхУ гъащІэм и гъуэгу нэхъ жыжьэхэри, нэхъ кІыфІхэри къэзыгъэнэху лампІ тельыджкэщ.

УПИТ Андрей, *латыш тхакІуэ.*

ПщІэ нэхъыбэ зыхуэщІыпхъэзу дунейм тетыр акъылырыщ.

ГЕЛЬВЕЦИЙ Клод, *франджы философ.*

ЩІэныгъэм и щІэдзапІэр акъылщ, акъылым и пэщІэдзэр щыІэныгъэщ.

КАПИЕВ Эффенди, *дагъыстэн тхакІуэ.*

АБЫ ЩЫГЪУЭ сэ хорым сыхэтти, джэгуакІуэхэмрэ сэрэ уэркъ гуэрым и унэм илъэсыщІэ тхьэмахуэм драгъэблэгъат. Дэ, сытым щыгъуи хуэдэу, дыджэгунут, хьэщІэщым уэрэд щыжьитІэнут, уэркъымрэ абы и хьэщІэхэмрэ я нэгу зедгъэужьын щхьэкІэ. Апхуэдэхэм деж дэ пщыхьэщхьэшхэфІ дыдэ щытхуагъэхьэзырырт унэІутхэм я унэм. Эндри ар ищІэрти, жиІащ:

- Уа, ЩІалэ, фи гъусэу сынэкІуэн папщІэ сыт сщІэн хуейр? А фи лАкъуэлІэщІым зыуи ежьщыхъунукъым хуеблэгъэнухэр зы цІыхукІэ нэхъыбэ е нэхъ мащІэ хъуми, къищІэхъэнкъым ухуейми. Сэ тІэкІу жьы сихъуащ, фэ щІалэжь цІыкІухэм фи гъусэу сынищІыхьэну, икІи жьакІэщІхуэ зІетещ уэрэд жызыІэ хъыджэбз цІыкІуэм сахэгъэущэну. Аущ уи зы скрипкэжь гуэр къысхуумыгъуэтыфыну пІэрэ, СІыгъыну? Оркестрым сыхэт ягуГэнщ.

Дэ абы и жагъуэ тщІыну дыхуейтэкъыми, еттащ зы скрипкэжь гуэр, абы зыри къыщэрыримыгъэкІыфынур тщІэ пэтми. И зэманым ирихьэлІэу ды-щІыхьащ уэркъым и унэм... Эндрю пагэу кІуэ-щІрыкІырт, псори къыщІэзэхуэсар ешІэ флэщІа умыщІэну, скрипкэри и блэгугщІэм щІэлъу. Абы зыгуэр хищІыкІ хуэдэ, нотэхэр зэрыт тхылъыр къызэІуихащ. Зыри зэримыщІэр къыхэщакъым уэрэд зытІущ жытІэху. ИтІанэ уэркъым и щхьэгъусэ, зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхубзым Эндрю зыкъыхуигъэзащ:

- Ей, уэ адрейхэм уадэхъуу уеуэркъым а скрипкэм. Ар дауэ хъуну?

Ди пцІыр къыщІэщащ. Дэ псори щІым дыщІэпщхьэну дыхьэзырт абдежым. Эндрю пщІэнтІэпсыр къыпыхурт, зэрыхуа щытрыкІэм къикІа зэрыхьунур ищІэртэкъым.

- Сэ щІэщхъу гуэр къысщыщІащ. СыкъыщыкІуэм сыджалэри, скрипкэм и бзэр сихутащ.

- Хъуакъым ар, - жиІащ бзылъхугъэм. - Зыри пхущІэнкъэ абы?

- Хьэуэ, - жиІащ Эндрю, - ар цІыкІу-цІыкІуу зэпычащ.

- Зыгуэр къэдгупсысынщ, - жиІащ щІэст, уэркъым и щхьэгъусэм фІэгуэныкъ хъури, щІыбаГъыбжэмкІэ къыщІигъэхьэжауэ. Ауэ а пщыхьэщхьэм и ужькІэ, ар зэи цІыхухэм я пащхьэ къихьэжакъым, макъамэ Іэмэпсымэ гуэрым къригъэкІыфІауэ жиІэу.

Инджылызбзэм къызыхэф

КЪАШЫРГЪЭ Иннэщ.

ХАРДИ Томас

ДжэгуакІуэхэр

Рассказ

ЖиІащ цІыхубзым.

Эндрю абы щтэІэщтблэу епльащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Іуэхур зезгъакІуэр арати, псори щышынэрт. Дауэ мыхъуми, нэгъуэщІхэм я къуагъым зыкъуигъапщкІуэурэ фыз бзаджэр кънгъапщІэрт. Ауэ хуэдэу, ауэ скрипкэм жьэхэмыуэу щыст. АрщхьэкІэ, насыпынщагъэтэкъэ, уэркъым и хьэщІэхэм ящыщ зым къилъагъуащ Эндрю скрипкэр зэгъэдзэкІауэ зэрИыГыр. Абы гу лъызытахэм къаухъурехьу щІадзащ, пшынауэм еуэкІэщІэ кьигупсыса я гугъэу. Ауэ, икІэм-икІэжьм, псори зи дещ щекІуэкІ уэркъым и анэм пцІыр къыщІигъэщри, Эндрю унэм къыщІахужащ.

Дауэ мыхъуми, унэІутхэм я шхапІэм дыщыщІыхьам, Эндрю щІэст, уэркъым и щхьэгъусэм фІэгуэныкъ хъури, щІыбаГъыбжэмкІэ къыщІигъэхьэжауэ. Ауэ а пщыхьэщхьэм и ужькІэ, ар зэи цІыхухэм я пащхьэ къихьэжакъым, макъамэ Іэмэпсымэ гуэрым къригъэкІыфІауэ жиІэу.

Инджылызбзэм къызыхэф

КЪАШЫРГЪЭ Иннэщ.

● Псалъэжьхэр

Дыгъужым ущышынэмэ...

❖Гъэзэгъуэ ухэмыжауэ, ныбжьэгъур къэпцІыхукІым.
❖Дыгъужым ущышынэмэ, мэз умыкІуэ.
❖Унагъуэм щІэс псори зэгъусэмэ, псэм и тыншыгъуэщ.
❖ГуитІщхьитІу ущытмэ, щыпэ къыбощтэ.
❖Сабийхэр напкІэ гъэшынэ, къамышыкІэ мыхъуу.

● Хъуэхъу

Налшык къалэ щытсэу радиожурналист Іэзэ, «Адыгэ псалъэ» газетым штатым хэмыт и корреспондент Дыкъыпи Хьэмид Мурад и къуэр ныбжьыр илъэ 82-рэ ирокъури, дохьуэхъу!

ПщІэ зыхуэпщІ нэхъыжьыфІым уи зыкІыгъэ, гуауэм упэІэщІэу, берычэтыр уи жьэгуу, уи быным, абыхэм я щІэбІэм я схьуІэныгъэмрэ насыпымрэ уи гурдыхьхьэрэ уи лъэр жан ящІу куэдрэ утхуэпсэуну Тхьэм жиІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакІуэхэр, уи шыпхъу Шыд Галинэ, уипхъу Наташэ, уи къуэ Артур, уи ныбжьэгъуэхэр.

● Зывгъэдахэ

Напэр ззлъэнукъым

Напэм дагьэ ззбэкІ щІыпІэхэри гъущэхэри щиІэ щыІэщ. Абы укІэлыплъыным ЗЭМАН куэд ихьынущ, ауэ зыхуей хуэбгьаэзмэ, ззльэнукъым икІи теплъафІэ хъунущ. Апхуэдэ напэхэм папщІэ унэм щагъэхьэзыр ззэхьлъхэм ящыщщ мыхэр:

Шатэпс хэту

Халькъэхэр: шатэпс грамм 30, кхъуейлъалъэ грамм 20, оливкэ дагъэу зы бжэмышх цІыкІу, хым кхыхаха шыгъу тІэкІу.

Зэрагъэхьэзырыр: псори зэмыбольхьэри, шатэ Іувым хуэдэ хъуху зэІыбощІэ. ИтІанэ псы кхъхуалъэм щхьэщыбогъэувэри, машІэу кхыбогъэхуабэ.

Зэрыщытхуэнур: напэ кьабзэм зэхэль хуэбгъэр щыбохуэри, дакъикьи 10 хуэдизкІэ кІэрыбогъэльэ, ар салфеткэкІэ больхьщыхь. Дакъикьэ 30 дэкІа нэужь, псы хуабэкІэ ботхьэщыхь.

ДжэдыкІэм къыхэщІыкІауэ

Халькъэхэр: зы джэдыкІэ кугъуэ, шатэ Іув бжэмышхыщхуэ.

Зэрагъэхьэзырыр: джэдыкІэ кугъуэр фІыуэ боудэри, шатэр хьбольхьэ. Ар фІыуэ зэІыбощІэ.

Зэрыщытхуэнур: напэм щыбохуэри, дакъикьи 10-кІэ кІэрыбогъэльэ. Птхьэщыжа нужь, крем щыбохуэжь.

Къъуейлъалъэ хэлъу

Халькъэхэр: мыІэрысэ ныкъуэ, оливкэ дагъэ бжэмышхыщхуэ, къъуейлъалъэ грамми 100.

Зэрагъэхьэзырыр: псори зэхэльольхьэри (мыІэрысэр тхъунщІауэ), зэщыщ хъуху зэІыбощІэ.

Зэрыщытхуэнур: напэм щыбохуэри, дакъикьэ 15-кІэ кІэрыбогъэльэ. Ар шэхуабэ зыщІэзыфІэ бжьэхуцкІэ кІэрыболъэщыкІыж.

НУР Санэ.

● Ар пэжщ

Япэ зоопаркыр къыззэзыгъэпэщар

ЗЭРЫТЩІЭЩІ, зоопаркыр псэущхьэхэмрэ хьэкІэкхъуэкІэхэмрэ щаІыгъ щыпІэщ. Сыт атІэ ахэр абы щыщыІэр?

А упщІэм и жэуап нэхьыщхьэр псэущхьэхэр псоми зэрафІэгъэщІэгъуэныщ. КъищынэмыщІауэ, зоопарк къыщыззэрагъэпэщыр хьэкІэкхъуэкІэхэм я гъащІэм щІэныгъэлІхэр кІэльыплъыр папщІэщ.

Тхыдэм кхыхэщыж япэ зоопаркыр кхъыщынэхуар ди эрэм и пэкІэ 1150 гъэрщ. Ар Китайм и императорым и унафэкІэ къыззІуахауэ арат, псэущхьэ, къуалэбзу, бдзэжьей зэмылІэужьыгъуэхэр ису. Иджырей зоопаркым зыкъомкІэ ещхьми, абыхэм кхъащхьэщыжыгъэкІ зы Іуэхугъуэ щыІэт. Абы цІыхубэр кІуэурэ исхэм епльхурт, атІэ езы пащтыхьымрэ абы и блыгущІэтхэмрэ я нэгу зыщрагъэжьу арат.

Зоопаркыр кхъзэгъэпэщыным, ар зехьэным мылькъущхъэ зэрыгъэкІуадэм кхъхэкІыу, нэхъапэм ар зыхуэзфІэкІыр пащтыхьхэмрэ лорд къулейхэмрэт.

ЦІыхухэм зыщапльыхь хъу зоопаркр кхъщыІэзІуахар 1793 гъэрц. Ар Париж дэтащ, псэущхьэхэмрэ хьэкІэкхъуэкІэхэмрэ зэрыщаІыгъым нэмыщІи, музей хэтт, жыг хади иІэт. КхъкІэльыкІу эу, 1829 гъэм Лондон кхъщыІэзІуахащ егъэлеяуэ ин зоопаркр, итІанэ дуней псом щыщІэрыІуэ Берлин зоопаркр кхъунэхуащ (1844 гъэ).

Кхъбгъэльагъуэмэ, Инджылызращ зоопаркр нэхьыбэ дыдэ здэщыІэр. Упснейдрэ Бедфордщыпрэ дэт зоопаркхэм щаІыгъщ дунейм псом и щыпІэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым кхъщагъуэта псэущхьэ, хьэкІэкхъуэкІэ тельыджэхэр. Ахэр тыншу щопсэу абы, сыту жыпІэмэ, гъущІ хьархэм искъым, щІыпІэ дахэм зэрыхуеІуэ кхъщадж. Пэжщ, мыбы кхъэухьа гуэрхэр иІэщ, ауэ ар псэущхьэхэр цІыхум зэран хуэмыхьун папщІэ ящІауэ аращ. Зоопаркр цІэрыІуэхэр щыІэщ Бристолрэ Эдинбургри.

КЪЭБАРТ Нэхунэ.

Тэрч къалэ щыщ Джазэ Айнэ зыкърек.

● Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

ШыІэныгъэщ акъылым и пэщІэдзэр

Тхылъым нэхъ тещІыхь, псалъэм нэхъ.

НАВОИ Алишер, *узбек тхакІуэ.*

Тхылъ ну эд уедж энырыкъым сэбэпыр, тхылъыфІ кІыхьэпхыныщ.

СЕНЕКЭ Луций, *урым тхакІуэ.*

Акъыл здэщыІэм кІаруи щыІэщ.

ГЮГО Виктор, *франджы тхакІуэ.*

Цыхухэм щахэтым дежщ цІыхум зыщицІыхужыр.

ГЁТЕ Иоганн, *нэмыцІэ усакІуэ.*

Тхылъыр цІыхУ гъащІэм и гъуэгу нэхъ жыжьэхэри, нэхъ кІыфІхэри къэзыгъэнэху лампІ тельыджэщ.

УПИТ Андрей, *латыш тхакІуэ.*

ПщІэ нэхъыбэ зыхуэщІыпхъэзу дунейм тетыр акъылырыщ.

ГЕЛЬВЕЦИЙ Клод, *франджы философ.*

ЩІэныгъэм и щІэдзапІэр акъылщ, акъылым и пэщІэдзэр щыІэныгъэщ.

КАПИЕВ Эффенди, *дагъыстэн тхакІуэ.*

● Нэщэнэхэр

БжэщхьэІум утетыну фІыкъым

❖Жьыхапхъэ зыбжанэкІэ унэр кьапхэнкІыркъым, мылькур лъэныкъуэ зырызкІэ зэбгрыкІыу къалъэтэрн.

❖ СтІолыр тхылъымпІэкІэ ялъэщІыркъым - псалъэмакъ къещэ, жаІэ.

❖ БжэщхьэІум утетыну фІыкъым - унэм къыщІыхьэ фІыгъуэр зэтыбоІыгъэ.

❖ЩІакхъуэм сэр хэІуауэ къагъанэркъым, гъаблэм и нэщэнэу ябжьри.

❖Дыгъэр къухьа нэужь ахъшэ ябжьыркъым - хэщІыныгъэ уиІэнущ.

● Зывгъэдахэ

Напэр ззлъэнукъым

Напэм дагьэ ззбэкІ щІыпІэхэри гъущэхэри щиІэ щыІэщ. Абы укІэлыплъыным ЗЭМАН куэд ихьынущ, ауэ зыхуей хуэбгьаэзмэ, ззльэнукъым икІи теплъафІэ хъунущ. Апхуэдэ напэхэм папщІэ унэм щагъэхьэзыр ззэхьлъхэм ящыщщ мыхэр:

Шатэпс хэту

Халькъэхэр: шатэпс грамм 30, кхъуейлъалъэ грамм 20, оливкэ дагъэу зы бжэмышх цІыкІу, хым кхыхаха шыгъу тІэкІу.

Зэрагъэхьэзырыр: псори зэмыбольхьэри, шатэ Іувым хуэдэ хъуху зэІыбощІэ. ИтІанэ псы кхъхуалъэм щхьэщыбогъэувэри, машІэу кхыбогъэхуабэ.

Зэрыщытхуэнур: напэ кьабзэм зэхэль хуэбгъэр щыбохуэри, дакъикьи 10 хуэдизкІэ кІэрыбогъэльэ, ар салфеткэкІэ больхьщыхь. Дакъикьэ 30 дэкІа нэужь, псы хуабэкІэ ботхьэщыхь.

ДжэдыкІэм къыхэщІыкІауэ

Халькъэхэр: зы джэдыкІэ кугъуэ, шатэ Іув бжэмышхыщхуэ.

Зэрагъэхьэзырыр: джэдыкІэ кугъуэр фІыуэ боудэри, шатэр хьбольхьэ. Ар фІыуэ зэІыбощІэ.

Зэрыщытхуэнур: напэм щыбохуэри, дакъикьи 10-кІэ кІэрыбогъэльэ. Птхьэщыжа нужь, крем щыбохуэжь.

Къъуейлъалъэ хэлъу

Халькъэхэр: мыІэрысэ ныкъуэ, оливкэ дагъэ бжэмышхыщхуэ, къъуейлъалъэ грамми 100.

Зэрагъэхьэзырыр: псори зэхэльольхьэри (мыІэрысэр тхъунщІауэ), зэщыщ хъуху зэІыбощІэ.

Зэрыщытхуэнур: напэм щыбохуэри, дакъикьэ 15-кІэ кІэрыбогъэльэ. Ар шэхуабэ зыщІэзыфІэ бжьэхуцкІэ кІэрыболъэщыкІыж.

НУР Санэ.

● КъэкІыгъэхэр

Хъарбыз

ХЪАРБЫЗМРЭ хъэуанымрэ фІыуэ зымылъагъу, зымыщхьэ цІыхУ цІыІэу къыщІэкІынкъым.

Хъарбызым и хэкур Азиеращ. Ильэс мин зыбжанэ и пэкІэ ар къыщацІыху хъущ нэгъуэщІ щыналъэхэми. Пасэрей Мысырым щыпсэуахэм шха ныжь, трашхыхьжьу щытащ хъарбызыр. Иджыпсту дэ зэрыгфІэфІым хуэдэ дыдэу ящыхьт паГрей урымхэмрэ алыджхэмри. ИужькІэ, ди эрэм нэхъ пэгъунэгъуу, хъарбыз гъэкІын щІэзыдзар франджыхэращ. Ар къыщыхъуар илъэс 300 и пэкІэщ.

Хъарбызымрэ хъэуанымрэ хохьэ нащэмрэ къэбымрэ зыщыщ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэм. Ахэр щыпІэ хуабэм и щы пшэрхэм къыщокІ. Нэхъ щыщыІэтыпІэ щыпІэхэм теплицэхэм щагъэкІыу аращ.

ДЗЫХЬМЫЩІ Хужьпагуэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **4.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, СССР-м щыхьхьзиІэ и радист, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыхьзиІэ и лэжьакІуэ. **7.** Адыгэ цІыхубэ уэрэд. **8.** Урысей Федерацэм щІыхьзиІэ и артисткэ, дыгъей щІыхьзиІэ уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ. **9.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист, ныбжьыщІэ куэд зыгъасэ пшынауэ Іэзэ. **10.** ТхакІуэм и лэжьыгъэр, и ІэщІагъэр къызэрагъэлъагъуэ псалъэ. **12.** Щыгъэ лъапІэ сыт хуэдэхэр къызыхащІыкІ пкъыгъуэ. **16.** Хьэжыгъэ зэрауэунщІ хьэпшып. **17.** Мыщэ и къуэ... **20.** Асу зыщІэль, къару зиІэ (шхыным нэхъ ехьэлІащ). **21.** ЦІыхуфІу, хьэлэлу, псапэ куэд ищІэу псэуар дунейм ехьжа нэужь кІуэну зыщыгугъ щІыпІэ. ГъащІэ гъуэгэджэ, псэукІэфІ дыдэ. **23.** Сабий гъуэлъыпІэ. **26.** Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, композитор щІэрыІуэ. **27.** Щымылажьэ, зыщагъэпсэху, зыгуэр щагъэльапІэ махуэ. **28.** Куэд къэзыбж, псалъэрей, укІытэ хэмылъу псалъэ.

Къехьу: **1.** 1928 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу щаутІыпщащ ГЭС. **2.** ЩІэныгъэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ линэр къэзыгупсыса, зи щІэр абы фІащыжа адыгэ еджагъэшхуэ. **3.** «Вагъуэхэм я фабрик» япэ урысейпсо зэпеуэм щытекІуа адыгэ уэрэджьІакІуэ хъыджэбз. **5.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэкуей, ауз, щежэх псы. **6.** ЩтаучкІэ яГуауэ паэрей фоч. **11.** Адыгэ Республикэр зи хэку, адыгэхэм я зы къудамэ лъэпкъ. **13.** Къуршым узыщрихьэлІэ, псэущхьэлкІэ псэу бгъэ. **14.** ТхьэмщІыгъум къиутІыпщ сэхуранЫр зэрыт шэрыб. Дыдж дыдэри абы ирагъапщэ. **15.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щэхьабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъэрэгъэшщІыхьуа тхакІуэ. **18.** ІутІыж Борис и «Шамхьун и фызыщэ» пьесэм хэт. **19.** ФэкІапсэ зэрыхъам кхъхэщІыкІа цІыхухэу вакъэ. **22.** ЩыпсэщэщІыхьа лы гъэжьа, адыгэ щхьныгъуэ. **24.** МахуэщІэ. **25.** Жызым хужьым кхъщІахуа щагъыр.

Зэхэзыльхьар

УЭРЫШ Нурхьлийщ.



Бадзэуэгъуэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **4.** Пхъампэ. **6.** Бащлыкъ. **9.** Гъудэ. **11.** Вы. **12.** Хахуэ. **13.** Гъуазэ. **14.** Гъэ. **15.** МышхумпІэ. **16.** Уэрдыхьу. **19.** КІэмажьэ. **21.** Щэращ. **23.** Десгэ. **24.** Хьэсет. **25.** Усэ. **26.** Набжэ. **29.** Акъужь. **32.** Бру. **33.** Къута. **34.** Пьжь. **35.** Бжьэ. **40.** Пщы. **41.** Чэтэн. **43.** Быж. **44.** Пабжьэ. **45.** Уэрам. **47.** Фэтэр. **48.** Жэрыкъуэ. **49.** Салимэ. **50.** Калинин. **53.** Кхъухь. **54.** Нану. **55.** Арэф. **57.** Хъун. **58.** Бжы. **59.** Пщыкъан. **60.** Къэрабэ.

Къехьу: **1.** Пхъэх. **2.** Бэдэху. **3.** Дыщэ. **5.** Псэм. **7.** Абгъуэ. **8.** МыІэрысэ. **10.** Бгъэжьнокъуэ. **17.** Дыд. **18.** ХьуаскІэ. **19.** КІэсыж. **20.** Мет. **21.** Щэн. **22.** Щхьэ. **27.** Адакъэ. **28.** Жьпхъэ. **30.** Къурэ. **31.** Жьаэ. **36.** Пщыхьэщхьэ. **37.** Лыбжьэ. **38.** Борис. **39.** ДыгъэмыІуэ. **41.** Чэф. **42.** «Нур». **44.** Пхъы. **46.** Мэл. **50.** Куба. **51.** Инжьдж. **52.** Напэ. **54.** Нащэ. **56.** Фэбжь.

Гъэмахуэ уэшх

ХЬЭХ Сэфарбий

Хывхэр шэдым хэпщІэнтІыхьырт,
Джэдхэм дамэр гуагъэхуат,
Дыгъэр уэгум кьидзэкъыкІырт,
ГъущІэщ аби,
ЩІыр къэчат.

Зэуэ пшэхэр къызэхуосри,
Кърегъажьэ пІащэу уэшх -
ЩрекІутыр къуэкІийм носри,
Уэрам щытыркэм
ПІэнкІыу щошх.

МэкъуауэлІхэр
Я аргъынэм
Къыпэрехури къыдехуэж,
Губгъуэм ит псыутх машинэм
Псы иутхыр Іурегуэж.

ЩІыр егъэпскІыр зигъэнщІыхуи,
Уэпхым зэуэ щегъэтыж:
Жыги, удзи, Іэщи, цІыхуи -
Псоми я щхьэр кьаІэтыж.

ГуфІэгъуэшхуэу
А уэшх кІапэм
Игуэшам хуэдизри сыт,
И зы Іыхьэ схулъэкІатэм
Сэ абыкІи сыарэзыт!

● Ар пэжщ

Япэ зоопаркыр къыззэзыгъэпэщар

щыным, ар зехьэным мылькъущхъэ зэрыгъэкІуадэм кхъхэкІыу, нэхъапэм ар зыхуэзфІэкІыр пащтыхьхэмрэ лорд къулейхэмрэт.

ЦІыхухэм зыщапльыхь хъу зоопаркр кхъщыІэзІуахар 1793 гъэрц. Ар Париж дэтащ, псэущхьэхэмрэ хьэкІэкхъуэкІэхэмрэ зэрыщаІыгъым нэмыщІи, музей хэтт, жыг хади иІэт. КхъкІэльыкІу эу, 1829 гъэм Лондон кхъщыІэзІуахащ егъэлеяуэ ин зоопаркр, итІанэ дуней псом щыщІэрыІуэ Берлин зоопаркр кхъунэхуащ (1844 гъэ).

Кхъбгъэльагъуэмэ, Инджылызращ зоопаркр нэхьыбэ дыдэ здэщыІэр. Упснейдрэ Бедфордщыпрэ дэт зоопаркхэм щаІыгъщ дунейм псом и щыпІэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым кхъщагъуэта псэущхьэ, хьэкІэкхъуэкІэ тельыджэхэр. Ахэр тыншу щопсэу абы, сыту жыпІэмэ, гъущІ хьархэм искъым, щІыпІэ дахэм зэрыхуеІуэ кхъщадж. Пэжщ, мыбы кхъэухьа гуэрхэр иІэщ, ауэ ар псэущхьэхэр цІыхум зэран хуэмыхьун папщІэ ящІауэ аращ. Зоопаркр цІэрыІуэхэр щыІэщ Бристолрэ Эдинбургри.

КЪЭБАРТ Нэхунэ.

● Гушыіэхэр

Сыту улэжьакІуэшхуэ!

КІыфІ хъуауэ унэм кІуэж щІалитІыр кумбым ихуащ.

- Сыт иджы тщІэнур? - жеІэ зым.

- Іэу, сыту улэжьакІуэшхуэ уэ, кумбми зыгуэр щыпщІэну ухуейуэ ара?

Иджыри уфІыцІатэкъым

Пщэдджыжьым жьыуэ къэушащІыр и цхьэгъусэм йоупщІ:

- Мыпхуэдэу си накІэр уфІыцІауэ сыкъущыкІуэжам сыт уэгугъусар?

- Зыми сегупсысакъым. УкъущыкІуэжам уи накІэр иджыри уфІыцІатэкъым.

ПщІэншэу сызокІуэ

МафІэгу псынщІэм итІысхьэну зэныбжьэгъуитІым билет къащэхуну кассэм деж Іухащ. Зы щІалэм билетитІ къищэхуати, и гъусэр щІоупщІэ:

- Сыт тІухІэ пщІэнур?

- Зыр згъэкІуэд хъумэ, етІуанэр къэзгъэсэбэпынущ.

- ТІури кІуэдмэ, сыт-тІэ пщІэнур? - ауан хэльу щыщІэупщІэм:

- Згъэ кІынукъым, сэ пщІэншэу зэрызекІуэ тхылъ сиІэщ, - къитащ жэуап щІалэм.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Тансэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешІанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іэхэм я дзлжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ писькомэхэмкІэ - 42-22-88; ешІанэ джэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапи Іэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльакІэр зэтехуэ зэныту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьанырэ и пщэ дальщ КЪБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щиныкмкІэ жэуап ехь КЪБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьидокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьидэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактор Ширдий Маринэ, корректорхэр Щоджэн Инир *(1, 2-нэ нап.),* Бащ ФатІимэ *(3, 4-нэ нап.),* корректорхэм я дЭныкъуэгъуэ Нуан Заирэ. *Компьютерыр Іэ газетым и теплъэр ящІащ:* Ныр Санэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суэрэтхэм елэжьар* Къарей Эдинэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.088 ● Заказ №2212